физиологиялық ҳалатына, минез-қулық реакцияларына тәсир көрсетеди. Изертлеўлердиң көрсетиўинше, музыканың түрли жанрлары ҳәм ритмлери ҳәр қыйлы руўхый жағдайларды келтирип шығарыўы мүмкин: қуўаныш ҳәм йошланыўдан меланхолия ҳәм қәўетерлениўге шекем.

Физиологиялық көзқарасынан музыка мийдиң ислеўине, жүрек-қан тамыр системасына, гормонлар дәрежесине тәсир көрсетеди. Ол стресс дәрежесин азайтыўы, дыққаттың топланыўын арттырыўы, есте сақлаўды жақсылаўы ҳәм ҳәтте кеселликлерден кейин тиклениўге жәрдем бериўи мүмкин.

Музыкатерапия медицина әмелиятында депрессия, қәўетерлениў бузылыўлары, нейродегенерациялық кеселликлерди емлеўде актив қолланылады.

Буннан тысқары, музыка социалластырыў, мәдений өзине тәнликти қәлиплестириў ҳәм дөретиўшилик қәбилетлерин раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Билимлендириў процесинде, спортта, психологияда билиў функцияларын ҳәм мотивацияны жақсылаў ушын қолланылады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Комарова Г.Н. Искусство исцеляющее: Метод арт-терапии / Познавая образы мира: культура и искусство в прошлом и настоящем. Сб. статей. Вып. 1. – Казань, 2008.
2. Богатырева Ж.В., Шутилова М.Ф. Влияние музыки на человека // Современные наукоемкие технологии. – 2013. – № 7-2. – С. 181-183.

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада музыка инсанға барлық дәрежеде - эмоционал, билиў ҳәм физиологиялық жақтан тәсир көрсетиўши күшли қурал болып, оны турмыс ҳәм мәденияттың ажыралмас бөлегине айланатуғынлығы айтылады.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о том, что музыка является мощным инструментом, оказывающим эмоциональное, познавательное и физиологическое воздействие на человека на всех уровнях, и что она становится неотъемлемой частью жизни и культуры.

**SUMMARY.** The article states that music is a powerful tool that has an emotional, cognitive, and physiological impact on humans at all levels, and that it is becoming an integral part of life and culture.

## ROLGE KIRISIW HÁM TRANSFORMACIYANÍŃ AKTYOR SHEBERLIGINDE TUTQAN ORNÍ

**B.M.Nazarımbetov –** *«Aktyor sheberligi» kafedrası baslığı, docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** aktyor, Stanislavskiy siteması, improvizaciya, transformaciya, diksiya, plastika, dawıs, xarakter.

**Ключевые слова:** актёр, система Станиславского, импровизация, трансформация, диксия, пластика, голос, характер.

**Key words:** actor, the system of Stanislavsky, improvisation, transformation, diction, plastic, acting, and character.

Aktyorlıq - insan ruwxıyatınıń tereń qırların úyreniw, sezim-tuyǵılardı tamashagóyge jetkerip beriwshi kórkem óner túri bolıp tabıladı. Bul tek ǵana talant bálki úlken miynet, bilim hám tájiriybe talap etetuǵın kásip bolıp tabıladı. Haqıyqıy aktyor saxnada yamasa ekranda háreketlenip atırǵan hárqanday obrazdı real hám isenimli tárizde kórsete biliwi kerek. Aktyor hár qanday rolge iykemlese alıw, jańa obrazdı ózinde kórsete alıw qábiletine iye bolıwı kerek. Bul process “rolge kirisiw” dep ataladı. Bul usıl Stanislavskiy sisteması, Brext usılı sıyaqlı túrli texnikalar arqalı ámelge asırıladı.

Aktyorlıq kórkem ónerinde eń zárúrli tareplerinen biri - bul rolge kirisiw hám transformaciya qılıw qábileti bolıp tabıladı. Hár bir aktyor saxnaǵa shıǵıw yamasa kamera aldında oynawdan aldın óz obrazın tolıq túsiniwi, onıń ishki hám sırtqı qásiyetlerin ózinde kóre alıwı kerek. Aktyor ápiwayı ssenariydegi sózlerdi aytıp beretuǵın emes, bálki janlı xarakter jaratıwshı shaxs bolıwı kerek. Bul proceste aktyordıń ishki

sezimleri, psixologiyalıq jantasıwı hám tájiriybesi úlken áhmiyetke iye boladı.

Rólge kirisiw - bul aktyordıń óz obrazın tolıq túsinip, onıń psixikalıq jaǵdayın hám turmıslıq tájiriybesin óz ishki dúnyasında seziw procesi bolıp tabıladı. Transformaciya bolsa aktyordıń ózinen pútkilley ajıralıp, jańa shaxsqa aylana alıw qábileti bolıp tabıladı. Bul eki element aktyorlıq sheberliginiń eń zárúrli strukturalıq bólimlerinen esaplanadı.

***Rolge kiriw: obrazdı tereń seziniw***

1. Xarakter hám psixologiyanı túsiniw

Rolge kirisiw ushın aktyor ózi jaratıp atırǵan xarakterdiń psixologiyasın tolıq túsiniwi kerek. Onıń ushın tómendegi tárepler zárúrli: Obrazdıń turmıs tárizi, onıń ótken turmısı hám házirgi sharayatların úyreniw. Onıń motivatsiyası hám maqsetlerin anıqlaw. Xarakterdiń sezim-tuyǵıların ishki keshirmeler arqalı janlandırıw. Kóplegen belgili aktyorlar óz rólin tuwrı atqarıp shıǵıw ushın real turmısta sol sıyaqlı jaǵdaylardı basınan ótkerip kóredi yamasa sol kásip wákilleri menen dúslasıp olardıń turmıslıq tájiriybelerinen úyrenedi. Mısalı, Robert De Niro "Taxi Driver" filmindegi roli ushın haqıyqıy taksi aydawshısı retinde islegen.

2. Stanislavskiy siteması : Haqıyqıy rólge kiriw usılı

Konstantin Stanislavskiy tárepinen islep shıǵılǵan sistema aktyorlıq kórkem ónerinde tiykarǵı metodlardan biri esaplanadı. Onıń usılı tómendegilerdi óz ishine aladı: "Eger men sol obraz ornında bolsam" jantasıwı - aktyor óziniń jeke tájiriybelerinen paydalanıp, obrazdıń ishki dúnyasına kire alıwı kerek. Psixologiyalıq yad - aktyor óz turmısındaǵı arnawlı bir sezim-tuyǵılardı eslep, olardı rólge maslastırıwı múmkin. Ishki motivaciya - aktyor obrazdıń háreketleri hám gápleriniń sebeplerin túsiniwi kerek. Bul usıl arqalı aktyor óz rólin jáne de realistik tárepten uqsatıp atqarıp beriwge erisedi.

3. Improvizaciya hám iykemlesiw

Rólge kirisiwde aktyordıń improvizatsiya qábileti de birlemshi ról oynaydı. Senariydegi hárbir so'z yáki háreket aldınan belgilengen bolsa da, aktyor o'z obrazınıń xarakterine sáykes túrde maslasıwı hám tábiyiy háreket qılıwı kerek. Máselen, Marlon Brando "The Godfather" filmindegi Don Korleone rólin atqarıwinda bir neshe saxnalarda improvizaciya qilgan hám bul onıń obrazın jáne de realistik hám tásirli etip kórsetken.

***Transformaciya: obrazǵa aylanıw qábileti***

1. Fizikalıq transformaciya

Transformaciya protsesinde aktyorlar tek ǵana ishki dúnyasın emes, bálki sırtqı kórinisin de ózgertiwi lazim. Ko'pshilik jaǵdaylarda aktyorlar óz rólleri ushın salmaq taslawı yamasa arttırıwı, shash túrmegi yamasa sırtqı kórinislerin ózgertiwi múmkin. Fizikalıq shınıǵıwlar menen shuǵıllanıp, arnawlı háreketlerdi ózlestiredi Mısalı, Christian Bale "The Machinist" filmindegi róli ushın 30 kg salmaq taslaǵan, soń "Batman Begins" filmi ushın tez waqıt aralıǵında bulshıq etleriniń awırlıǵın kótergen.

2. Dawıs hám diksiyanı ózgertiw.

Obrazdı janlandırıwda dawıs zárúrli áhmiyetke iye boladı. Ayırım rólde aktyorlar óz dawıs seslerin ózgertiwi, sóylesiw hám aytılıwǵa maslastırıwı kerek. Mısalı: Heath Ledger "The Dark Knight" filmindegi Joker obrazın jaratıwda dawısın ózgertiw hám ayrıqsha sóylew usılın islep shıǵıw ushın kóp waqıt sarıplaǵan.

3. Háreket hám plastika

Obrazdıń júriw-turıwı, ım qaǵıw belgileri hám dene háreketleri aktyordıń transformaciya procesinde úlken áhmiyetke iye. Hár bir obraz ayriqsha fizikalıq háreketler arqalı ajıralıp turadı. Mısalı, Joaquin Phoenix "Joker" filminde óziniń arnawlı júriw usılı hám heshkimge uqsamaǵan ım qaǵıw belgilerin islep shıǵıp, ózine tapsırılǵan obrazın jáne de janlandırǵan.

4. Ishki transformaciya

Sırtqı kórinisti ózgertiwden tısqarı, aktyor óz pikirlew tárizin de jańa rólge maslastırıwı kerek. Bul tómendegiler arqalı ámelge asırıladı: meditaciya hám koncentraciya (Obrazǵa sińiw). Improvizatsiyalıq shınıǵıwları (Rólde erkin háreket qılıw). Haqıyqıy turmısta da obrazǵa uqsap jasaw metodı esaplanadı(Method acting usılı)

***Rolge kirisiw hám transformatsiya ushın paydalı shınıǵıwlar***

Aktyorlar tómendegi shınıǵıwlar arqalı óz sheberligin asırıwları múmkin:Improvizatsiya shınıǵıwlar: 1.Hár túrlı jaǵdaylarda tábiyiy háreket qılıw, sózsiz ańlatpa (mimika hám dene háreketi menen) 2. Sóylew hám diksiyanı rawajlandırıw, artikulyatsiya shınıǵıwlar 3. Emotsional shınıǵıwlar, qayǵı, quwanısh, qáweter hám basqa sezim-tuyǵılardı janlandırıw. Bul shınıǵıwlar aktyordıń saxnadaǵı rólin isenimli atqarıp shıǵıwına járdem beredi.

***Rolge kiriw hám transformatsiyanıń aktyor sheberliginde tutqan ornı***

Rolge kirisiw hám transformaciya qılıw qábileti hár bir aktyor ushın zárúrli esaplanadi. Bul process aktyordıń óz obrazın ılajı bolǵanınsha tábiyiy, isenimli hám janlı atqarıwın támiyinleydi. Eń tabısqa erisken aktyorlar bul kórkem ónerdi jetik ózlestirip alsa, hár bir rólinde pútkilley jańa insan retinde kórinetuǵın boladı. Bul tárepten Leonardo Dicaprio, Daniel Day-Lewis, Meryl

Streep sıyaqlı aktyorlar óz transformaciya qábileti menen ataqlı bolıp tabıladı. Daniel Day-Lewis hátte óz obrazına uyqas túrde aylar dawamında sol turmıs formasında jasap, rólge tayarlıq kóredi. Rólge kirisiw hám transformaciya qábileti aktyordıń dóretiwshilik sheberligin kórsetiwshi eń tiykarǵı táreplerinen biri bolıp tabıladı. Bul qábiletti rawajlandırıw ushın aktyor:

1. Obraz psixologiyasın tereń úyreniwi
2. Stanislavskiy yamasa basqa sistemalar arqalı rólge kirisiw texnikaların ózlestiriwi
3. Óz fizikalıq kórinisin obrazǵa uyqas túrde ózgertiwge tayın bolıwı
4. Dawıs, sóylew hám háreketler ústinde úzliksiz islewi kerek

Haqıyqıy aktyor óz obrazına pútkilley sińip ketiwi hám tamashagóylerge janlı, haqıyqıy keshirmelerdi jetkerip bere alıwı kerek. Áne sonda ǵana aktyorlıq kórkem óneri óziniń joqarı dárejesine erisedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Stanislavskiy K.S. “Aktyordıń jumıs usılı” (Stanislavskiy sisteması tiykarların túsintiriwshi klassik dóretpe).
2. Chexov M. “Aktyordıń texnikası” (Psixofizikalıq aktyorlıq uqıpı haqqında).
3. Lee Strasberg - “Method Acting hám aktyorlıq kórkem óneri” (Method Acting texnikasınıń tiykarshısı).
4. J.Jumanov., A.Á.Bekimbetova – “Aktyor sheberligi tiykarları” Nókis-2017.



**REZYUME.** Bul maqalada aktyordıń rólge kirisiwi, xarakter hám psixologiyanı túsiniw, Stanislavskiy sisteması, haqıyqıy rólge kiriw usılı, improvizaciya va iykemlesiw, transformaciya, fizikalıq transformaciya, dawıs hám diksiyanı ózgertiw haqqında sóz etiledi. Jáne de bunnan basqa da háreket hám plastika, ishki transformaciya, Rólge kirisiw hám transformaciya ushın paydalı shınıǵıwlar orın alǵan.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье говорится о вступлении актёра в роль, характере и психологии, системе Станиславского, методе вступления в реальную роль, импровизации и гибкости, трансформации, физической трансформации, изменении характера и дикции. Помимо этого, существуют и другие полезные процессы, такие как движение, пластика, трансформация, трансформация ролей.

**SUMMARY.** This article discusses the role of the actor, the character and psychology, the Stanislavsky system, the method of playing the role of the hero, improvisation and flexibility, transformation, physical transformation, and change in diction  In addition to this, there are also other useful applications such as plastic, industrial transformation, and transformation in the role.


## BAYAN PEDAGOGIKASÍNÍŃ QÁLIPLESIWI HAQQÍNDA


**M.Paluaniyazov** – *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanısh sózler:** bayan pedagogikası, bayanist-pedagoglar, bayanist-atqarıwshılar.

**Ключевые слова**: баянная педагогика, баянисты-педагоги, баянисты-исполнители.

**Key words:** bayan pedagogical science, bayan players.


Eger fortepiano, skripka, violonchel pedagogikası óz tamırları menen uzaq ótmishke barıp taqalatuǵın bolsa, bayan pedagogikası birneshe on jıllar aldın qáliplese baslaǵan. M.I.Imxanickiydiń jaqında shıqqan «Bayan hám akkordeon kórkem ónerinin tariyxı» atlı oqıw qollanbasında hár qıylı tiptegi  háweskerlik, óz betinshe garmoniya atqarıwshılıǵı menen dáslep kameralıq, sońınan kamer-akademiyalıq bayan hám akkordeon atqarıwshılıǵınıń payda bolıwı arasında anıq shegara ótkeriledi. Garmoniyada turmıslıq, háweskerlik ónerinen parıqlı túrde bayan (akkordeon) da akademiyalıq atqarıwshılıq tiykarǵı, uzaq múddetli, kásiplik bilim alıwdı talap etedi. Muzıkalıq bilim beriwdiń eki forması haqqında aytıw múmkin: tikkeley hám tikkeley emes. Tikkeley formada ustazdıń tájiriybesi onıń izbasarı-shákirti tárepinen turaqlı baylanıs arqalı qabıl etiledi: shákirt kóredi hám maestronıń qalay atqarıp atırǵanın esitip, onıń texnikasın, ol yamasa bul shıǵarmanı túsiniwin ózlestiredi. talantlı oqıwshı erte ótmishtegi dóretiwshilikti tikkeley kóshiriwden kesh «uzaladı» hám óz «jazıwına» iye boladı. Ázelden atqarıwshılar usı tárizde qáliplesken.